



STATE OF NEW YORK
OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL

ERIC T. SCHNEIDERMAN
PWOKIRÈ JENERAL



NEW YORK STATE EDUCATION DEPARTMENT
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

MARYELLEN ELIA
KOMISYONÈ EDIKASYON
PREZIDAN INIVÈSITE ETA NEW YORK

27 fevriye 2017

Kèk mezi resan ki gen rapò ak imigrasyon ke fonksyonè federal yo pran kreye laperèz ak konfizyon nan tout peyi a. Rezidan Eta New York yo, ke ajans nou yo ansanm avèk Konsèy Administrasyon Eta New York la te pran angajman pou n sèvi, te kominike dirèkteman avèk ajans nou yo sou anksyete ak kesyon ke mezi sa yo te soulve. Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (“OAG”) a ak Depatman Edikasyon Eta New York (“SED”) a ap ekri jodia pou reyafime bay elèv, lekòl, fanmi ak kominote yo nan tout Eta New York la ke lekòl nou yo ap rete yon refij san danje kote tout elèv ka aprann.

Selon Lwa sou Edikasyon nan Eta New York la, timoun ki gen plis pase senk lane epi mwens pase venteyen lane epi ki pako resevwa yon diplòm lekòl segondè gen dwa pou y al nan lekòl piblik nan distri lekòl kote yo abite a san yo pa peye frè eskolarite. Metsouli, distri lekòl yo dwe asire ke tout elèv ki nan laj obligatwa pou yo enskri lekòl, ale lekòl sou baz ansèyman a tanplèn.¹ **Timoun ki san papye, menm jan ak timoun ki se sitwayen ameriken, gen dwa pou y al lekòl a tanplèn depi yo satisfè egzijans laj ak rezidans ke lwa leta a tabli yo.** Efektivman, Kou Siprèm Ameriken nan te deklare, gen kèk deseni desa, nan ka *Plyler kont Doe*, ke distri lekòl yo paka refize elèv yon edikasyon piblik gratis poutèt yo pa gen papye oswa poutèt yo pa sitwayen ameriken, oswa sou baz estati paran oswa responsab legal yo.²

An konsekans, OAG/SED te souliyen dwa enpòtan sa a ke elèv san papye yo genyen nan direktiv pou distri lekòl yo ke, nan moman enskripsyon an, lekòl yo pa dwe poze kesyon sou estati imigrasyon ki ka devwale estati imigrasyon yon timoun, sètadi mande yon nimewo Sekirite Sosyal.³ Nou te konseye tou ke, pandan distri lekòl yo ka bezwen kolekte yon seri done selon lwa leta ak/oswa lwa federal yo, yo dwe fè sa aprè ke yon elèv fin enskri nan lekòl la pou yo pa

¹ *Gade* Lwa sou Edikasyon §§ 3202(1), 3205.

² *Plyler kont Doe (Plyler v. Doe)*, 457 U.S. 202 (1982); *al gade tou nan Demann pou Apèl Plata fè (Appeal of Plata)*, 40 Ed. Rep. Depat. 552, Desizyon No. 14,555.

³ *Al gade, pa egzanzp*, Cosimo Tangorra, Jr., Lèt “*Chè Kòlèg (Dear Colleague)*” la, Depatman Edikasyon Eta New York (10 sept. 2014), <http://www.p12.nysed.gov/sss/documents/EducationalServicesforRecentlyArrivedUnaccompaniedChildren.pdf>.

bay enpresyon envolontèman ke y ap itilize enfòmasyon sou estati imigrasyon yo nan detèminasyon enskripsyon yo.⁴

Pa gen lontan, ajans nou yo te resevwa kesyon espesifikman sou obligasyon distri lekòl yo genyen vizavi pwobabilite pou demann enfòmasyon ke reprezantan Fòs Lòd Imigrasyon ak Ladwàn Etazini (“ICE”) ka fè, sa genyen ladan demann pou rankontre oswa entèvyouve elèv, oswa pou yo jwenn aksè nan dosye elèv yo. Jan nou konnen l, plizyè lwa enpoze obligasyon legal sou distri lekòl yo nan sa ki gen pou wè ak fòs lòd k ap kesyone elèv nan lekòl ak konfidansyalite dosye elèv yo, ki enkli Lwa sou Tribinal Familyal New York (“NYFCA”) la ak Lwa federal sou Dwa Edikasyonèl ak Konfidansyalite Vi Prive Fanmi an (“FERPA”). Yon vyolasyon obligasyon sa yo, menm si se pou onore rekèt otorite imigrasyon federal yo, ka ekspoze distri lekòl yo a responsabilite sivil. Poutèt sa, ajans nou yo ankouraje tout anplwaye distri lekòl yo konsilte sipè-entandan ak avoka lekòl yo san pèdi tan lè yo resevwa yon demann ke yon ofisye imigrasyon federal fè. Anvan yo reponn yon demann konsa, anplwaye distri lekòl yo dwe travay avèk sipè-entandan ak avoka yo pou detèmine si lè yo onore demann sa a sa pap lakòz distri lekòl la vyole yon lwa ki gen aplikasyon jeneral.

*Demann pou rankontre oswa entèvyouve elèv. **Pandan lontan se te pozisyon SED ke ajan fòs lòd yo paka retire yon elèv anndan yon lekòl ni entèwoje yon elèv san konsantman paran elèv la oswa yon moun ki gen relasyon parantal avèk li,** eksepte nan sitiyasyon ki limite anpil (pa egzanp, lè ajan fòs lòd yo gen yon manda valid oswa lè gen yon krim ki fèt anndan lekòl la).⁵ Nou ankouraje responsab lekòl yo pou yo kowopere ak fòs lòd yo nan limit lalwa ak politik lekòl lokal la. Nou rekòmande fèmeman ke, si ICE oswa lòt ofisye imigrasyon federal parèt lekòl la pou chèche jwenn aksè ak elèv (pou entèvyou epi/oswa kesyonman), yon distri lekòl dwe konseye tout pèsònèl la pou yo kontakte san pèdi tan sipè-entandan an ak avoka distri lekòl la pou direktiv, patikilyèman nan sa ki gen pou wè ak responsabilite li selon Lwa sou Edikasyon an, *Plyler*, ak NYFCA anvan yo bay aksè ak yon elèv.*

Demann pou aksede ak dosye edikasyon elèv. Menm jan an, ajans nou yo konseye ke, lè yo resevwa yon demann ofisye imigrasyon fè pou aksede dosye edikasyon elèv, distri lekòl yo dwe konsilte avoka yo san pèdi tan, etandone ke repons ak demann sa a atravè divilgasyon ka

⁴ An referans ak sa ki gen pou wè espesifikman avèk idantifikasyon Sekirite Sosyal, SED pa mande distri yo kolekte kat oswa nimewo Sekirite Sosyal elèv yo pou okenn rezon ni nan okenn moman, swa anvan oswa aprè enskripsyon elèv la.

⁵ *Gade, pa egzanp*, N.Y.S.E.D. Avi Konseye 91 (17 jen 1959) (“okenn kalite ofisye paka retire yon timoun nan yon batiman lekòl pandan yon timoun lekòl nòmalman san pèmasyon paran timoun nan pou kesyonman”); *gade tou* N.Y.S.E.D. Avi Konseye 148 (23 fev 1965) (“Lekòl la patikilyèman pa gen gad elèv yo nan objektif pou otorize ofisye fòs lòd yo oswa lòt tyès pati entèwoje elèv yo oswa retire yo nan lokal la pou kèlkeswa rezon an.”) Pozisyon sa a baze sou plizyè lwa tankou, *pami plizyè lòt*, NYFCA, ki egzije ke yon ofisye polis dwe fè tout efò rezonab pou kontakte san pèdi tan paran yon timoun oswa nenpòt moun ki responsab pran swen timoun nan lè yo mete yon timoun ki gen mwens ke 16 lane sou gad fòs lòd yo, epi pi lwen li retni ke yo paka entèwoje timoun sa a, sof si epi jiskaske yo enfòme paran li oswa responsab legal li, si li prezan, sou dwa timoun nan epi ke yo akòde li opòtinite pou l asiste entèwogasyon an. *Gade* N.Y. Lwa Tribinal Familyal § 305.2; *Afè Jimmy D.*, 15 N.Y.3d 417 (2010).

vyole FERPA.⁶ FERPA jeneralman entèdi distri lekòl ki resevwa fon federal divilge enfòmasyon pèsonèl ki ka pèmèt idantifye yon moun (“PII”) ki nan dosye edikasyon yon elèv san konsantman paran an oswa elèv elijib la. FERPA pèmèt divilgasyon sa a san konsantman sèlman si divilgasyon an reponn ak sèten kondisyon limite ki etabli nan règleman ki aplike lwa a. Kondisyon limite sa yo gen ladan yo demann ke endividi gouvènman federal la ke yo enimeres espesyalman fè⁷. **Sepandan, yon demann ICE fè oswa lòt ofisye imigrasyon federal fè pou aksede enfòmasyon PII elèv ki nan dosye edikasyon yo pa parèt satisfè okenn nan eksepsyon FERPA yo ak règ jeneral la ki vle ke yon paran oswa elèv elijib dwe bay konsantman li pou divilgasyon bay tvès pati.**⁸

Biwo Politik Edikasyon P-12 SED la apibliye direktiv jodia tou bay lekòl ak distri sou Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (“DASA”) la parapò ak rapò konsènan ensidan asèlman nan lekòl nan tout peyi a nan semèn ki sot pase yo. Direktiv sa a ap disponib la a:
<http://www.p12.nysed.gov/dignityact/documents/dasa-guidance.pdf>.

Nan yon moman kote gen tout kesyon sa yo k ap poze sou ki mezi ki gen pou wè ak imigrasyon ke gouvènman federal la pral pran, li endispansab ke nou menm, antanke edikatè ak fonksyonè gouvènman, fè kominote lekòl nou yo yon rapèl sou enpòtans enklizyon ak dwa tout elèv pou yo resevwa yon edikasyon san yo pa pè reprezay senpleman lè yo ale lekòl. Salklas nou yo dwe rete yon refij san danje pou tout timoun. Yon fwa ankò nou remèsye nou pou tout travay n ap fè pou sipòte elèv, fanmi ak kominote nou yo.

Sensèman,



MaryEllen Elia
Komisyonè Edikasyon



Eric T. Schneiderman
Pwokirè Jeneral

⁶ Gade 20 U.S.C. § 1232g.

⁷ Selon 34 C.F.R. §99.31(a)(3), divilgasyon ka fèt, konfòmman ak egzijans 34 C.F.R. §99.35, bay reprezantan otorite Kontwolè Jeneral Etazini, Pwokirè Jeneral Etazini, Sekretè Depatman Edikasyon Etazini, oswa otorite edikasyonèl Eta a oswa lokal.

⁸ Gade 34 C.F.R. § 99.31.